



Kisa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية

এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন

查看本文件的中文版

Consultez ce document en français

Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen

이 문서를 한국어로 보기

Consulte este documento en español

یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں

Перевод документа на русский язык

schools.nyc.gov/MessagesForFamilies

Avril 2025

Mizajou sa a yo gen enfòmasyon enpòtan pou fanmi sou pwogram Summer Rising 2025, Sondaj anyèl Lekòl NYC a, Fowòm kandida pou eleksyon CEC, konferans pwofesè-paran, ak dat enpòtan pou admisyon.

Kontni

- [Òf Summer Rising](#)
- [Sondaj 2025 sou Lekòl Vil Nouyòk](#)
- [Eleksyon konsèy edikasyon \(Education Council Elections, CEC\)](#)
- [Dat enpòtan pou admisyon](#)

Òf Summer Rising

Apati **jedi 24 Avril**, fanmi ki te voye aplikasyon pou [Summer Rising](#) ale nan delè 28 mas la pral kapab konekte nan [MySchools](#) (myschools.nyc) epi wè rezilta ak lisdatant yo. **Plas Summer Rising yo limite**—tanpri aksepte òf pitit ou a sèlman si w konnen pitit ou a pral patisipe nan pifò pwogram ki pwograme pou ete sa a.

Aprè w fin gade rezilta w yo, w ap kapab aksepte oswa refize òf pitit ou a dirèkteman atravè MySchools. **Dènye jou pou aksepte òf Summer Rising lan se jedi 8 me**—asire w aksepte òf ou a epi reponn nenpòt kesyon ki obligatwa pou asire plas pitit ou a! Ane sa a, fanmi p ap enskri otomatikman, epi yo dwe aksepte òf pitit yo nan delè a, paske yo p ap konfime plas Summer Rising toutotan fanmi yo pa aksepte yo. Lè w aksepte yon òf, sa pa pral afekte chans pitit ou a pou jwenn yon òf sou lisdatant nan yon lòt pwogram pi ta.

Sondaj 2025 sou Lekòl Vil Nouyòk

Pa bliye pou ranpli Sondaj lekòl NYC 2025 lan nan delè **vandredi 4 avril la!** Opinyon ou bay yo konfidansyèl epi li pral ede lekòl nou yo pi byen konprann kisa elèv ak manm kominote yo bezwen epi panse sou anviwònman aprantisaj, edikatè, kourikoulòm, sèvis sipò, ak plis ankò. Lidè lekòl itilize opinyon sa yo pou amelyore lekòl ak pwogram yo ofri yo.

Pou gade ak ranpli sondaj la, konekte nan kont ofisyèl lekòl Vil Nouyòk ou a ([NYCSA](#)) nan [schoolsaccount.nyc](#). Ou ta dwe resevwa tou yon kopi sondaj la sou papye avèk eksplikasyon sou fason pou w ranpli sondaj sou papye oswa sou entènèt la nan men lekòl ou a. Jwenn plis enfòmasyon sou sondaj 2025 Lekòl Vil Nouyòk la nan [nycschoolssurvey.org](#).

Eleksyon 2025 pou Konsèy Edikasyon Kominote ak Konsèy Edikasyon Vil la (CCEC)

Mwa sa a, **Eleksyon 2025 pou Konsèy Edikasyon Kominote ak Konsèy Edikasyon Vil la (CCEC)** ap kontinye avèk **Fowòm kandida** ak kòmansman peryòd vòt la! Premyèman, ale nan Fowòm Kandida vityèl yo pandan tout mwa avril pou rankontre moun ki kandida pou Konsèy Edikasyon Kominote (CEC) w la ak pou kat Konsèy Edikasyon Vil la.

Answit, **apati 25 avril rive 13 me**, w ap vote pou kandida ou prefere yo atravè **NYCSA** ou a. Kidonk prepare w pou kreye kont ou a kounye a—aprann ki jan nan [schools.nyc.com/NYCSA](#). Jwenn orè fowòm ak lyen enskripsyon yo nan [schools.nyc.gov/Elections2025](#) ansanm avèk plis enfòmasyon sou kòman pou vote. Jwenn plis enfòmasyon sou CCEC nan [schools.nyc.gov/CCEC](#).

Dat enpòtan pou admisyon

Prentan 2025 gen ladann ouvèti pwosesis final aplikasyon an pou sezon otòn 2025 lan, ansanm avèk tou piblikasyon òf pou plizyè pwosesis admisyon pou otòn 2025.

Aplikasyon pou elèv ki gen don ak talan(Grade Gifted and Talented, G&T) ki nan pi gwo klas ap kòmanse

Pwogram G&T yo ofri enstriksyon akselere pou elèv lekòl primè nan vil la ki elijib. Si pitit ou a pral nan klas 1ye, 2yèm, 3yèm oswa 4yèm ane pandan ane lekòl 2025–26 la epi li elijib dapre nòt nan kanè li yo, li ka patisipe nan pwosesis admisyon G&T pou otòn 2025 atravè [MySchools.nyc](#). Fanmi elèv ki elijib yo pral resevwa anons pa imèl ki di yo ka aplike avèk kont MySchools la oswa pa lapòs. Pou jwenn enfòmasyon sou kondisyon elijiblite G&T ak pwosesis admisyon an, ale sou [schools.nyc.gov/GT](#).

Òf lekòl presegondè ak kindergarten

- Si w te aplike nan kindergarten pou otòn 2025 nan delè 24 janvyè 2025 lan, w ap resevwa òf kindergarten pitit ou a **2 avril 2025**.
- Si w te aplike nan lekòl presegondè pou otòn 2025 nan delè 20 desanm 2024 la, w ap resevwa òf lekòl presegondèpitit ou a **9 avril 2025**, apre lè lekòl.

Y ap fè w konnen pa imèl pou w konekte sou kont [MySchools.nyc](#) ou a pou wè òf la ak nenpòt lisdatant pitit ou a ye (si sa aplikab), ansanm avèk enfòmasyon sou pwochen etap yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman yo fè òf sou lisdatant, ale sou [schools.nyc.gov/MS](#) ak [schools.nyc.gov/K](#).